Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 36 (98939) 17 сентябрь 2021 с. / Рузман 10 Сафар 1443 с./ багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

ДАССРалъе - 100 сон!

## Россиялъул бахIарзал - нилъер районалда

«ВатIаналъул бахIарзазул вахта» патриотикияб проекталда рекъон, 11 сентябралда нилъер районалде щвана Россиялъул 12 бахIарчи. Гьелгун дандчIвай тIобитIиялъе кьучI лъуралльун ккола республикаялъул миллияб политикаялъул министерство ва нилъер районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаев.

ДАССРалъе 100 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб гьеб дандчIвай гIуцIиялъе мурадлъун букIана нилъер халкъалъул бахIарчияб тарих тIибитIизаби. БахIарзазда дандчIвай тIобитIана (чед - цIамгун) Ленинаул росдада гIагарда бугеб ГИБДДялъул посталда.




Хадусан гьелгун ЦТКНРалда букIараб дандчIваялда гIахьаллъана - гIолилазул гIуцIабазул, цолъабазул, парламенталъул вакилзаби, депутатал, бакIазул администрациябазе нухмалъулел, волонтёрал, мугIалимзаби, цIалдохъаби, спортсменал ва гь. ц.

БахIарзалгун букIараб «чIагояб» гара-чIвариялда бицен ккана бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ ва гьез гIолилазул цо чанго суалалъе жавабал кьуна.

Данделъиялъул гIахьалчагIазе саламги кьун, ХI. ХI. Мусаевас гьениб абуна: *«Жакъа гьал бахIарзалгун тIобитIулеб тадбиралде тарихиябин абизе бегьула. ГIолеб гIелалъе гьадинал тадбирал ккола тIоритIичIого рес гьечIеллъун»,*- ан.

Хадусан ХI. ХI. Мусаевас тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана нилъер ракьцоял – Россиялъул бахIарзал: М.-к. Гьайирхановасул, А. Ильясовасул ва Ю. Салимхановасул бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ. Гьес гIолилал ахIана дандчIваялдаса цIикIкIараб пайда босиялде ва, дандчIвай гIуцIаралъухъ, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна миллияб политикаялъул министр Э.Муслимовасе. Э. Муслимовас гьениб абуна: *«Гьадинал тадбирал нижеца тIоритIулел ругелдаса кIиабилеб сон буго, гьезул рахъ ккуна С. Меликовасги»,*-ян. Гьес бицана Россиялъул бахIарзазул Ассоциациялъ, гьелъул нилъер республикаялда бугеб отделениялъ гьабулеб хIалтIул гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе бугеб кIваралъул хIакъалъулъ.

Россиялъул БахIарчи М.БагIачиловас (республикаялда бугеб Россиялъул бахIарзазул Ассоциациялъул отделениялъул председатель) данделъиялъул гIахьалчагIазе бицана щивав бахIарчиясул ишазул кьокъабго хIакъикъат.

Гьеб данделъиялде ахIун рукIана Ленинаул росдал №1 школалдаса цIалдохъаби: А.Арсанмирзаев ва М. ТIалхIатов. Лъалеб букIахъе, кIиго соналъ тIатIалаго, гьез хвасар гьаруна лъелъ гъанкъулел рукIарал ва кьурулъан рортарал лъимал.

Гьел «лъимал-бахIарзал» федералияб проекталъул бахIарзаллъун рахъана ва гьезие медалал кьуна. Данделъи тIобитIиялъе рес кьуралъухъ, бахIарзазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъул гIолилазул парламенталъул член Д. МухIамадовалъ.

Россиялъул бахIарзазул Ассоциациялъул «БахIарчилъи, яхI-намус ва рецц» медалалдалъун, рагъулабгун патриотикияб тарбия гIолилазе кьеялъулъ лъураб бутIаялъухъ ва ветеранаzул багъа-бачариялъул рахъ кквеялъухъ, гьенив ХI. ХI. Мусаевги кIодо гьавуна.

Гьай-гьай, гьеб тадбиралда шапакъаталги кьуна. Гьедин, миллияб политикаялъул министерствоялъул Баркалаялъул кагътал гьенир кьуна гIолилал, патриотикияб багъа-бачариялъул жигарчагIи: М.- А. ХIамзатовалъе, А. МухIамадовасе, Исрап Булатхановасе ва ЕИЦIалъе нухмалъулей Н. Качалаевалъе.

Данделъи лъугIун хадусан, гьалбал щвана Гуни росулъе ва гьез А. Ильясовасе эхетараб памятникалда цере тIугьдул лъуна. Гьелдаса хадур гьел ана СулахIалъул кIкIалалъул хал гьабулеб площадкаялде ва гьез, катераздаги рекIун, гIоргун тIаде экскурсия гьабуна.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

## Районалъул администрациялда...




14 сентябралда районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана- «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI. ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И. И. Шабазов ва Б. С. Нуцалов, отделазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе, лъайкьеялъул гIуцIабазе нухмалъулел ва росабазул администрациябазул бутIрул.

Тадбиралъул байбихьиялда кIалъазе вахъарав ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев Р.ГI. Памиевас гьениб бицана гьабсагIаталда «Ковид-19» унти тIибитIиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул.

Гьес абуна: *«Унти тIибитIи дагьалъ нахълъаниги, гIодоре риччан чIезе бегьулaро, биценалда рекъон, октябралъул ахиралда гьеб цIидасан тIибитIизе бегьула. Унтиялдаса цIуниялъе вакцинация гьаби гурони, батIияб нух гьечIо. Жакъа кьоялде вакцинация гьабун буго нилъер гIадамазул 30 проценталъ, гьеб бахине ккола 60-70 проценталде. Биценалда рекъон, цого гьедин гьабиялъ гуреб гьеб унти нахъчIвалебги гьечIо. Росабазул бутIруз халкквеялде босизе ккола вакцинация гIадамазда гьабизаби. Бокьилаан, нижги ахIун, дандчIваял тIоритIизе ва бичIчIенкьеялъул хIалтIи гьабизе»,*-ян.

Лъайкьеялъул гIуцIабазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъе цIиял рахъазул хIакъалъулъ гьабураб жиндирго кIалъаялда Б. Нуцаловас абуна: *«Лъайкьеялъул министерствоялъул бихьизабиялда рекъон, тIадехун рехсарал гIуцIабазда рукIине ккола ракIалда рукIинчIел лъугьа - бахъиназда сверухъ гьаризе тIадал ишазул планал.*

*Нилъер районалъул администрациялъ гIезегIанаб хIалтIи гьабуна школазда лъимал азул ахазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъе, гьел технические алатаздалъун хьезариялъе. Гьенир хIинкъигьечIолъи чIезабизе тIадаб буго гIуцIабазе нухмалъу лезда»,*- ян. Б. Нуцаловас кьураб информациялда тIасан гьабураб кIалъаялда ХI. ХI. Мусаевас абуна: *«Лъималазул хIинкъигьечIолъи чIезаби ккола нилъеда цере чIарал масъалабазул аслиябльун. Халгьабиялда тIатарал гIунгутIаби заманалда тIагIинаризе нилъеда тIадаб буго»,*-ян.

Районалъул бетIерасул тIадкъаял тIуразариялда тIасан гьабураб жиндирго кIалъаялда администрациялъул аппараталъе нухмалъулесул заместитель М.-А. ХIамзатовалъ абуна: *«ТIуразарчIел ва тIасан заман арал тIадкъаял гьечIо»,*-ян.

*Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас абуна:«Кинал рукIаниги ишал тIураялда сверухъ, тIоцебесеб иргаялда, гIадлу-низам цIунизе ва гьел заманалда тIуразаризе ккола»,*-ян.

**Нижер мухбир**

## Коронавирусалда сверухъ бугеб ахIвал-хIал




Дунялалдаго коронавирусалде данде кьеркьолел рукIаниги, гьелъ унтулезул къадар лъугIуне гьечIо. Коронавирус тIибитIунгутIиялъе гьарулел тадбиразул хIакъалъулъ бицунеб ва хъвалеб бугониги, гIемерисез гьезде кIварги кьолеб гьечIо.

Зама-заманалда нижеца газеталда рахъула коронавирусалда сверухъ дунялалда, Россиялда, Дагъистаналда ва нилъер районалда бугеб ахIвал-хIал.

Гьедин, 15 сентябралде ругел баяназда рекъон,

**Россиялда…**

Унтаразул къадар -7.194.926 чиясде бахана, сордо-къоялда жанив унтана 18 841чи. Коронавирусалде данде вакцинация гьабулезул къадар бахана 46.469.590 чиясде

**Дагъистаналда…**

Унтана 50. 103, цо соро-къоялда жанив унтана 121 чи.

Вакцина гьабуна 423.826 чиясе.

**Нилъер районалда…**

Кинавниги унтана 1449 чи, сордо къоялда жанив - 13.

Вакцинация гьабуна 5588 чиясе.

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Энциклопедияб лъаялъул инсан

гьум. 3 ШагIир ракIалде щвезавуна

гьум. 4 О рисках получения незаконных финансовых услуг

*Инсан ва гIумру*

# Энциклопедияб лъаялъул инсан

ЧIахIияб гIелалда гьоркьов къанагIатавги чи ватиларо Шихмирза (Угу) Абуевасул ва гьесул лъикIал ишазул хIакъалъулъ рагIинчIев. ГIумруялъул гIемерал рахъал жанире рачараб гIакълуялъул бетIергьанчилъун жив вукIин гьес бихьизабуна жиндир захIматалъул халатаб нухда.

Районалъул социалиябгун экономикияб рахъал цере тIезариялда тIад, кIвахIтун, хIалтIаразул цебесеб кьерда гьев вукIанин абуни, мекъи ккеларо.

1928 соналъ гьавурав Шихмирзал,гьай-гьай, лъимерлъи букIинчIо, щай абуни, гьесул лъагIел тIубалелде репрессиязул квачIикье ккарав эмен туснахъалъув гIумруялдаса ватIалъана ва бесдаллъуде ккарав Шихмирза «хеккого» кIудияв гIезе, ай, гьес, гьитIин вукIаго, рукъалъул магIишаталъул цо бутIа бачине ккана.



*Пагьму бугев сундулъго пагьму бугевлъун вукIуна.*
**(гIурусазул аби)**

Узухъда, Шихмирзал рес букIинчIо цIализе ине ва лъай босизе, амма тIабигIаталъго гьесулъ лъун букIана гIумру, сверухъ лъугьунеб бичIчIиналъе гIураб гIакъиллъи. Кинаб букIаниги суал цебе баккани, гьес гьеб, рагIа-ракьанде щун, лъазабулаан ва гьев гьелда тIад кIвахIтун хIалтIулаан.

Жиндирго ракIалдещвеязда Расул Идрисовас бицунеб буго:

- Дун хIалтIулев вукIана райЗОялда. Наркоматалдасан телеграмма бачIана бухгалтеразул курсазде лъабго чи витIейилан. Дица гьеб телеграммаялъул хIакъалъулъ Шихмирзае бицана. Гьевги, Абулмуса Абакаровги, МухIамад Гъамиевги гьел курсазде ритIана. Курсалги лъугIизарун, тIадвуссарав Шихмирза «Киров» колхозалъул бухгалтерлъун тIамуна. Гьедин байбихьана Шихмирзал захIматалъул нух.

Гьесул хIалтIудехун бугеб бербалагьиги бихьун, гьесда тIадкъана росдал магIишаталъул Управлениялъул бухгалтерзабазул кIудияв инструкторасул хIалтIи.

1950 соналъ гьев Советияб Армиялде ахIана ва гьес лъабго соналъ гьениб рагъулаб хъулухъ гьабуна. ТIадвуссун хадув, Шихмирза хIалтIана - тIадехун рехсараб управлениялъул (кадрабазул рахъалъ) инспекторлъун, **«Киров»** колхозалъул, хадусан РТС, «Дагсельхозтехника», колхозазе нухмалъиялъул Управление гIуцIабазул бетIерав бухгалтерлъун. Гьединго, гьес бачана гьебго управлениялъул планазулгун экономикаялъул начальникасул хIалтIиги.

Камилав хIисабчи гуревги, Шихмирза вукIана Аллагьасго гIуцIарухъанлъиялъе махщел кьуравлъунги. Гьеб районалъегун республикаялъе нухмалъулезда бихьичIого хутIичIо.

1967 соналъул августалда гьев тIамуна районалъул механизмабаздалъун хьезабураб рохьил магIишаталъул директорлъун. Гьеб хъулухъалда тIегьана Шихмирзал гIуцIарухъанлъиялъе, гIадамал цере рачиналъе, районалъул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъе бугеб бажаригун махщел. Кивехун кканиги, гьесда бичIчIунаан жив щвараб росдал магIишат рукIалиде ккезабиялъе щиб хIажалъулебали. Командировкабазде аралъуса (гьезда гьоркьор рукIана къватIисел пачалихъазде гьев ккаралги) Шихмирзаца рачIунаан гIелмиял тIахьал, гьанир гьечIел пихъил гьутIбузул батI-батIиял тайпаби.

Гьедин, Болгариялдаса бачIараб цIулакьодул тайпаги бекьун, гьес лесхозалда питомник гIезабуна. Лесхозалда гIуцIун букIана бакI-бакIазда пихъил ва батIи-батIиял тайпабазул гьутIби чIеялъе хасаб бригада. Гьозталаялда, гьесул хIаракаталдалъун, ран рукIана сокал, лимонад хIадурулел цехал.

Калининаулалда, Алмахъалда эхетана цIулал тIагIел хIадурулел цехал, гьенир чIезаруна мастерскаял ва складал. ТIолабго СССРалда цIар тIибитIун букIана Алмахъ росулъ гIуцIараб тIанкIахарал ритIучIал хьихьулеб ва гьел гIезарулеб фермаялъул цIар. Амма Шихмирзаца гьелда гIей гьабичIо. Гьебго Алмахъалда гьес рагьана норкаби, нутриял, сурокал ва кроликал гIезарулеб фермаги. ТIадехун рехсарал рухIчIаголъаби гIезариялъул пайдаялъул бицине ккеларо. Гьеб киназдаго лъалеб батилаян.

РитIучIазул фермаялда гIемерал соназ бригадирлъун ва гьелъие нухмалъулевлъун хIалтIарав Бекмирза Мусавузовас (жиндир мунагьал чураяв) бицана:

-Шихмирза вукIана доб заманалъул реформаторлъун. Гьесда бажарана, нилъер районалда гуребги, цогидал бакIаздаги, цIакъ дагьаб къадаралъ гурони рукIинчIел цехалги, складалги, фермабиги, потомникалги ва гь.ц. чIезаризе. Гьелдалъун гьесда бажарана гIадамазул гIезегIанаб къадаралъе хIалтIи чIезабун, лъикIлъана гьезул магIишат ва район цебетIезабиялъулъ лесхозалъ жиндирго бутIа лъуна.

Шихмирзаца махщалида хIалтIи бачунеб букIинчIебани, гьеб кинабго букIинароан. Гьес гIуцIарал цехазда хIадурараб цIулал тIагIел, норкабазул, нутриязул ва суроказул цIаказул гьарурал тIагърал ричулаан СССРалъул батI-батIиял шагьаразда.

Гьелде тIадеги, бакI-бакIазда гIезабулаан гьапустIан, ламадур ва цогидалги овощал. Бекьараб соргоялъул цIилцIалги гьарулаан.

Узухъда, гьеб киналъго хайир кьечIого букIунароан. Гьелъие цо мисал: 1988 соналъ ритIучIазул фермаялда тIад «хвезабуна» 80 азарго гъурущ, амма гьелъ кьураб хайир бахана 370 азарго гъурщиде. Гьеле, гьединав гIуцIарухъанлъун вукIана нижер Угуян.

Щуго соналда жаниб гьединаб кIудияб магIишатлъун лъугьинабуна Шихмирзаца лесхоз. 1983-1985 соназ гьев райисполкомалъул председателасул заместительлъун хIалтIана. 1985 соналъул сентябралда Шихмирза «Дилим» совхозалъул директорлъун тIамуна. Гьеб магIишат цебетIезабиялда тIадги Шихмирза гIемер хIалтIана. Ш. Абуев директорлъун вугеб заманалда лъалаго цIикIкIана хурухъанлъиялъул ва гIи-боцIи хьихьиялъул хIасилал.

Щиб хIалтIи тIадкъаниги, Шихмирзаца гьеб гьабулаан ракIбацIцIад, бажаризабун ва махщалида. Бер чIварабго гьесда бичIчIунаан кинаб иш гьабизе кколебалиги гьелъ щиб пайда кьезе бугебалиги. Кьураб рагIуеги гьев киданиги хисулароан.

Жиндирго 71 сонилаб гIумруялъул 48 сон гьес батIи-батIиял хъулухъазе кьуна. Узухъда, гIумруялъ хIалтIана Шихмирза жиндирго лъай борхизабиялда тIадги. Гьес (заочно) лъугIизабуна росдал магIишаталъул институт. Цо чанго нухалда Шихмирза вищана районалъул депутатлъун ва партиялъул райкомалъул членлъун. Гьесие цIакъ рокьулаан чанахъанлъи, гамачI рехи, шахматал хIай ва гь.ц.

Камулароан Шихмирза жамгIиял ишазулъаги. Гьесул хIаракаталдалъун бана ЦРБялда аскIоб бугеб «БагIараб»,- ан цIар тараб мажгитги.

Кин букIун батаниги, Шихмирзаца нахъа тана гьайбатаб захIматалъул нух. Гьесул жигарчилъиялда гIуцIараб ритIучIазул фермаялде жакъаги щола киса рачIаралги гьалбал ва туристал. Цого гьеб гIоларищ Шихмирзал цIар даималъ ракIазулъ хутIиялъе?

Гьесул захIматалъул нух тIоцебе «гвангъизабуна» рагъул соназ хIалтIулъ бихьизабураб жигарчилъиялъухъ 1948 соналъ гьесие кьураб **«Рагъул соназ (1941-1945) бихьизабураб бахIарчияб захIматалъухъ»** медалалъ. Хадусан Шихмирза мустахIикълъана **«ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ»** орденалъе, батIи-батIиял юбилеязул медалазе, ДАССРалъул Верховнияб Советалъул, КПССалъул Обкомалъул ХIурматалъул грамотабазе, гьединго, гьев кколаан РСФСРалъул персоналияв пенсионерги. Гьев гьайбатав инсан (жиндир мунагьал чураяв) 1999 соналъ гIумруялдаса ватIалъана.

Районалъул гIадамазда Шихмирза ракIалда чIезе вуго пагьму букIарав, яхI-намус цIунарав, ракIбацIцIад хIалтIарав инсанлъунги гIуцIарухъанлъунги.

**НИЖЕР МУХБИР**

---

# ЛъикIал байбихьиязе – гIатIидаб нух

Гьаб соналъул 13 августалда къватIибе ,биччараб «Чапар» газеталда (№31, 3 гьум.), «ЖамагIатгун цадахъ»... цIаралда гьоркь, бахъун букIараб макъалаялда хъван букIана, Гуни росдал цIи вищарав бетIер ХIажимурад (ХIабиб) Юнусовасул бетIерлъиялда, росулъ тIоритIулел лъикIал ишазул хIакъалъулъ. Гьай-гьай, ракIунтун, тIаде босараб иш тIубазабулев бетIерасда хадуб жамагIат билъанхъичIого букIунаро. Гьеб тасдикъ гьабулел гIезегIанго мисалал рачинегИ бегьула.

Гьедин, проекталда рекъон, росулъе бачIунеб нухде хъил тIуна. Гьелъул ругел санагIалъабиги рихьун, жамагIаталъул къотIи ккана росдал аслияб къотIнобеги хъил тIезе. Гьеб тIеялъул хIаракатчагIилъун ккола жамагIатчагIи: Камав ГIабдулаев, МухIамадшапи Базаев, Салавдин Дадаев, Хасай Булачов ва гIемерал цогидалги. Рехсарал гIадамазул кумекалдалъун, росулъ гьаруна Аллагьасул кириялъеги гIадамазул баркалаялъеги мустахIикъал гIезегIанго пайдаял ишал. ( цо къотIнобе чабах баччана, Россиялъул БахIарчи Арзулум Ильясовасул цIар кьураб къотIноб хъил тIуна). С. Дадаевас, жиндирго харжалдалъун, гIадамал данделъулеб годекIаниб бетон тIуна ва гьенир скамейкаби лъуна.



*Жамаг1аталъул газа кьурдаги рек1унеб.*
**(Халкъияб аби)**

Хасаб баркалаялъе мустахIикъав вуго ХIабиб (Залин) Дациев. Росу берцин гьабиялъе ва гьеб къачIаялъе гьес цо миллион гъурущ кьуна. ЖамагIатчи ГIали ГIумаровас цо авалалда тротуар гьабуна.

Росдал жамагIаталъе бокьун буго (цIорой ккелелде) росулъ хъил тIеялъул хIалтIи ахиралде щвезабизе. Гьелъие гIарцулаб кумек гьабуна улкаялъул батI-батIиял бакIазда яшав гьабун ругел нижер росулъа гIадамаз. Гьел ккола: МахIач Сайгитов (500 000 гъур.), М-расул Дибиров (100 000 гъур.), ХIайбула Эмечов, Сапу Шамсудинов, Мажит Меджидов, УмарайхIанат ИзрагIилова, Капират ЯхIияева (50 000 гъур.) ва Асият Магьдиева (35000 гъур.).

Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун ва цогидал гIадамазе мисаллъун букIине, хIакъал ишазул хIаракатчагIазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Аллагьас гьезул щивасул магIишаталда баракат лъеги ва гьез гьабулебщинаб данде билъаги. Аллагьас гьел гIемерал соназ, щулияб сахлъи кьун, талихIгун рохалида таги.

**ХанмухIамад ХIАЙБУЛАЕВ,**
***Гуни росу***

*Инсан ва гIумру*

# Эмен вихьизелъун букIараб анищ...

КIудияб ВатIанияб рагъ... Гьелъ ВатIаналде, гьелъул халкъалде бачIараб балагьалъул хIакъалъулъ бицунги хъванги киданиги лъугIинареб батила. Рагъ лъугIаралдаса 76 сон аниги, жеги бидрецIцIулел руго гьелъ нилъер ракьалдагун гIадамазул ракIазулъ лъурал ругънал, рукъун лъугIун гьечIо бакI-бакIазда чIварал рагъухъаби. Чан умумул ракьалде инчIел васалгун ясал тIадруссиналъухъ урхъун рукIарал?! Чан лъимералда бихьичIеб инсул гьумер?! РекIее квешаб асар гьаби гуреб, гьел рехсеяз щибниги кьоларо ва гьел рехсон лъугIунаро.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго рагъдаса тIадвуссинчIев ва инсул гьумер лъаларей ясалъул хIакъалъулъ.

Гъозтала росулъа Ордахан Эмеева гьаюна 1941 соналъул августалда. ЦIалдолезда бичIчIун батила гьеб заман нилъер районалдаса гIезегIанал бихьинал рагъде араблъун букIараблъи. Ордаханил эмен ГIабдулбасир фронталде ун хадусан йижарай ясалда, узухъда, эмен лъаларо, гьединго, инсуда ясги йихьичIо.

1944 соналда ГIабдулбасирги гьесул вацал: ГIабдулманапги ГIабдуназимги, араб бакI лъачIого, тIагIанин абураб кагъат бачIана. ГIабдулбасирил лъади Айсаратида тIад бегана кIудияб ургъел, амма гьелъул рекIелъ рос тIадвуссинин ва ясалъе эмен вукIинин абураб хьул букIана. Гьелда ракIалде кколеб букIана: **«Чан хъизаналъухъе бачIинчIеб эмен, рос, вац, араб бакI лъачIого, тIагIанин абураб хабар? Гьоркьоб заман инелде, гьезул чан чи тIадвуссинчIев. ВачIина дир ГIабдулбасирги»,**-ян. Къоял, моцIал ва сонал унел рукIаниги, гьелъул хьул нахъ буссунеб букIинчIо.

Гьелде тIадеги, гIолей ясалъ цIи гьабулаан Айсаратил рекIелъ бугеб ругъун. Гьелъ зама-заманалда эбелалда цIехолаан: **«Эбел,**



**дун гIадинал лъималазул эмен вуго. Дир эмен щай гьечIев ва гьев кида дида вихьизе вугев»,**-ан.

Ясалъул ракI батиялъе эбелалъ абулаан: **«Дур эмен ВатIан цIунизе рагъде ун вуго. КватIичIого, гьев вачIине вуго. Гьев вохизе мун лъикI хьвадизе ва цIализе ккола»,**-ян. Эмен вохизавизе бугеб хьулалъ, Ордахан гIадамазе бокьулеб гIамал-хасияталда хьвадана, цIалиялда тIадчIана.

Росдал школалда микьго класс лъугIарай Ордахан Хасавюрталъул медицинаялъулаб училищеялде лъугьана. Чан нухалда эбел жиндихъе щваниги, Ордаханица гьелда цIехолаан: **«Эмен вачIинчIищ?»**-ан.

Айсаратица эмен гьечIеблъи ясалда бихьизе течIо. ЦIали лъугIарай Ордахан нилъер районалъул больницаялде ячIана. Гьей йикIана медицинаялъул лъай щварай Гъозталаялдаса тIоцеесей хIалтIухъанлъун. Гьоркьоб заман инелде гьей ИчкIа ва Гъозтала росабазул гIадамазе хъулухъ гьабизе йитIана. Техника дагьаб, лъелго хьвадизе кколеб заман букIаниги, течIо гьелъ хIалтIи нахъе ккезе.

РакI рагьарай, яхI-намус цIунарай, хIалтIулъ тасамахIлъи биччаларей ва гIадамазде лъикIаб бербалагьи гурони гьечIей Ордаханил гIадамазда гьоркьоб кIудияб къимат букIана. Гьале, тIаде щвана Ордаханица жиндирго магIишат гIуцIизе кколеб заманги. Ордахание тIоцеве вас вижана ва гьелъие васасда инсул цIар лъезе бокьун букIана, амма эбел гьелда разилъичIо. Гьелъ абуна: **«ГIабдулбасир тIадвуссине вуго. ЧIаго гьев вукIаго, гьесул цIар цогиясе кьей рекъей гьечIеблъун ккола»,**-ян. Рос тIадвуссине вукIиналдаса гьелъул жеги хьул къотIун букIинчIо. Ордахание рижаралункъо ясалде тIаде цоги вас вижана. Ордаханица гьесие инсул цIар кьуна. ЗахIматаб хIалтIи букIаниги, Ордахан жамгIиял ишазулъаги камулароан. ГIезегIанаб заманалъ гьей росдал Советалъул депутатлъунги йикIана. Лъимал «хIатIазда» лъей мурадалда, гьезул хъизан Ростовалъул областалде гочана. Гьез гьениб гIи-боцIи хьихьана, рехун течIо Ордаханица жиндирго махщелги. Гьелъ сверухъ ругел росабазул гIадамазе хъулухъ гьабулаан.

Бищунго лъималазе хIажатаб заманалда Ордаханил рос Дада гIумруялдаса ватIалъана. Балагь цо жибго бачIунарин умумузул аби буго. Рос гIумруялдаса ватIалъиялде тIаде, тIубанго бецлъана Ордаханил эбелги. Эбелалъе хъулухъалъе цо-цо гIадамалги ккун, захIматаб яшавалда йикIаниги, къуркьичIо Ордахан захIмалъабазе. Ордаханица жиндирго лъимал гIумрудул нухда тIоритIана ва гьел руго жиде-жидер магIишатазда. Гьелъул кIиго ясалъ эбелалъул махщел тIаса бищана. Киехун кканиги, щиб хIалтIи тIаде босаниги Ордаханица гьеб ракIбацIцIад, махщалида, бажаризабун тIубалаан. Гьединаб захIматалъухъ, гьай-гьай, гьей, батIи-батIиял шапакъатаздалъун, кIодоги гьаюна. ГьабсагIаталда Ордахан хIалхьиялда йиго. Гьедин йигониги, гьей камуларо жамгIиял ишазулъа ва росдал гIадамаз гьелъул къимат гьабула.

**А. СУРХАЕВА,**
**Гъозтала росу**

*ДАССРалъе -I00 сон!*

# Цолъиялъул къо кIодо гьабун...



Нилъеда лъала ДАССРалъе 100 сон тIубаялда сверухъ нилъер районалда гIезегIанго тадбирал тIоритIараллъи ва тIоритIулел рукIин.

Гьелда ва Цолъиялъул къоялъул байрамалда хурхараб данделъи тIобитIана 14 сентябралда, ЦТКНРалъул бетIерай специалист Д. АсхIабовалъул нухмалъиялда, культураялъул Централда. Гьеб тадбиралда гIахьаллъарал лъималаз ретIун букIараб миллияб ратIлица байрамалъе кьолеб букIана цо кинабалиго хаслъи. Лъималазе гьениб Дагъистаналъул тарихалъул, нилъер гIадатазул ва бахIарчилъиялъул бицана.

Тадбир ахиралде щвана лъималаз миллиял кьурдаби гьариялдалъун, кучIдул ахIиялдалъун ва цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

14 сентябралда МахIачхъалаялда тIобитIана Северияб Кавказалъул федералияб округалъул, **«Кавказалъул халкъ»** цIаралда гъоркь, гIадатияб культураялъул байрам. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана, ЦТКНРалъул директор З. МухIамадовалъул бетIерлъиялда, «Арбабаш» фольклорияб ансамбльги.

**Р. ГЪАНИЩЕВ, ЦТКНРалъул хIалтIухъан**

*Расул ХIамзатов гьавуралдаса -98 сон!*

# ШагIир ракIалде щвезавуна

***Расул ХIамзатовасул цIаралъул борхалъи ва кIодолъи. Гьеб цIаралъ данде гьаруна батIи-батIиял улкабазул миллатазул гIадамал, ахIана гьел гьудуллъиялде ва вацлъиялде.***

Дагъистаналъул халкъияв шагIир, хъвадарухъан, политикияв хIаракатчи, Социалистическияб ЗахIматалъул БахIарчи, гIемерал премиябазул, орденазул ва медалазул кавалер Расул ХIамзатовасул 98 сон тIубаялда хурхун, Дилим росдал №3 лъималазул ахалъул тарбиячIужу Равзат Мухтарпашаевна Абуевалъул жигарчилъиялда, гьал къояз гьев машгьурав шагIир ракIалде щвезавиялъул тадбир тIобитIана.

ГIадатлъун лъугьун буго Расул ХIамзатов гьавураб моцIалъ (сентябрь) гьесул творчествоялда хурхарал батIи-батIиял тадбирал тIоритIи. Гьединазул цояблъун букIана тIадехун рехсараб тадбирги.



Данделъиялда гIахьаллъана ИМЦялъул методист Марият ЛатIипова, ЦТКНРалъул специалист Рисалат Сурхаева, гIемерал соназ лъималазе лъайгун тарбия кьеялда т1ад хIалтIарай Умайнат Шаг1банова, гьитIичазул умумул ва цогидалги.

Данделъи нухда бачуней Р. Абуевалъ, къокъ гьабун, гьениб бицана Р.ХIамзатовасул гIумруялъул, шигIрияб нухалъул, Дагъистаналде, гьелъул халкъалде гьесул букIараб рокьиялъул.

Расул ХIамзатовасул кучIдузулъ эбел-инсуде, Дагъистаналъул халкъалде бугеб рокьиялъул, гьезул адаб ва къимат гьабизе ккеялъул гIолеб гIелалде гьабулеб насихIаталъул, умумуз нилъее ирсалъе кьураб, гIагараб авар мацI цIуниялде кьолеб кIваралъул жиндирго кIалъаялда бицана ахалъе нухмалъулей Наида ХIажиевалъ.

Гьединалго магIнаязул кIалъаял гьаруна гьенир гIахьаллъарал гьалбазги. Расул ХIамзатовасул творчествоялъул бицун цее яхъарай Умайнат Шаг1бановалъ бицана Р. ХIамзатовас чIужугIаданалъе кьолеб букIараб къиматалъул, гьес гьей лъолей йикIараб борхалъиялъул.



Миллияб ретIелгун цере рахъарал гьитIичаз гьенир рикIкIана ва ахIана Расулица умумузул, Дагъистаналъул, рагъул ва рокьул хIакъалъулъ хъварал кучIдул. Гьединго, данделъиялда рихьизаруна Р. ХIамзатовасул гIумрудул бицунел видеороликал. Лъималаздаса ратIа тIун чIечIого, гьенир кучIдул цIализе рахъана гьитIичазул улбулги. Гьезие, лъималазул ахалъул коллективалъул рахъалдасан, Р. Абуевалъ Баркалаялъул кагътал кьуна. Данделъиялда С. Абакаровалъ Р. Абуевалъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна. Гьелъ жиндирго кIалъаялда абуна:

***«Р.М. Абуева кидаго йикIана мисал босизе мустахIикъайлъун ва лъайгун тарбия кьеялъул рахъалъ бищунго лъикIазул цебесеб кьерда. Гьелъул жигаралдалъун, гIемер тIоритIула Дагъистаналъул тарих, умумузул рукIа-рахъин, гIадатал лъазариялдегун цIуниялде ахIулел, гIолеб гIелалъул ВатIаналде рокьи бижизабулел тадбирал. РакIбацIцIад гьабураб хIалтIухъ дагьал церегIан къояз РФялъул лъайгун тарбия кьеялъул министерствоялъ Р. Абуева кIодо гьаюна «Россиялъул лъайгун тарбия кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб каранда балеб гIаламаталдалъун. Гьединго, гьей кIодо гьаюн йикIана гIемерал ХIурматалъул грамотабаздалъун ва Баркалаялъул кагътаздалъун.***

***Баркула, Равза Мухтарпашаевналда, гьеб мустахIикъаб цIар щвей. Гьарула гьелъие хIалтIулъ жеги тIадегIанал бергьенлъаби ва хъизаналъулаб талихI!»***-ан.

**А. ДИБИРОВА**

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка соблюдения органами местного самоуправления, организациями и учреждениями законодательства о социальной защите инвалидов.

Установлено, что в здании администрации МР «Казбековский район» и дополнительного офиса Дагестанского регионального филиала ОАО «Россельхозбанк» в с. Дылым отсутствуют условия для беспрепятственного передвижения (маломобильных групп) инвалидов и других лиц с ограниченными возможностями.

В связи с чем, прокуратурой района в адрес главы администрации и директора Дагестанского регионального филиала ОАО «Россельхозбанк» внесены представления об устранении нарушений Федерального законодательства о социальной защите инвалидов, а также в отношении администрации района возбуждено дело об административном правонарушении, предусмотренном ст. 9.13 КоАП РФ (Уклонение от исполнения требований к обеспечению доступности для инвалидов объектов социальной, инженерной и транспортной инфраструктур и предоставляемых услуг).

По результатам рассмотрения представлений требования прокурора удовлетворены, выявленные нарушения устранены, условия для беспрепятственного передвижения инвалидов и иных лиц с ограниченными возможностями созданы, виновное должностное лицо привлечено к дисциплинарной ответственности. По результатам рассмотрения дела об административном правонарушении администрация района привлечена к административной ответственности в виде штрафа в размере 20 тысяч рублей.

---

Приказом ФНС России от 19.07.2021 № ЕД-7-21 675 а утверждены формы заявления о прекращении исчисления транспортного налога в связи с принудительным изъятием транспортного средства, порядка ее заполнения, формата представления указанного заявления в электронной форме, также формы уведомления о прекращении исчисления транспортного налога в связи с принудительным изъятием транспортного средства, сообщения об отсутствии основания для прекращения исчисления транспортного налога в связи с принудительным изъятием транспортного средства.

---

## Военный комиссариат по Казбековскому и Гумбетовскому районам информирует...

Проводится отбор резервистов для заключения с ними контракта на пребывание в мобилизационном людском резерве. Граждане, отслужившие, и пребывающие в запасе являются резервистами, имеют права и обязанности, устанавливаемые Федеральными законами и иными нормативными правовыми актами Российской Федерации.

1.После заключения контракта о пребывании в мобилизационном резерве получает:

Финансовое обеспечение - ежемесячные выплаты от 4 до 10 тыс. руб.,

В период прохождения сборов от 17 до 45 тыс. рублей, а также обеспечение вещевым имуществом личного пользования и продовольствием.

2.Кто может вступить в мобилизационный резерв:

- граждане, которые пребывают в запасе, ранее проходившие военную службу и имеющие воинские звания;
-солдаты, сержанты, старшины, прапорщики, мичманы до 42 лет;
- младшие лейтенанты, лейтенанты, ст. лейтенанты, капитаны, капитаны-лейтенанты до 47 лет.

По вопросам заключения контракта обращаться по адресу: **с. Дылым, ул. Аптечная 10. Тел. 2-13-02.**

---

# Божуге хIиллачагIазда!

ГIемер бицунеб ва хъвалеб бугониги, жидер мурадал тIуразаризе бугеб хьулалъ, гIемерал гIадамал кколел руго хIиллачагIазул къорикье.

Гьедин, Дербент районалдаса цо чIужугIаданалъ, (дагьал церегIан къояз) хIиллачагIазе битIун буго 750 азарго гъурщидаса цIикIкIараб къадар гIарцул.

Гьелъ, полициялъул отделалдеги ячIун, бицун буго: *«Дир телефоналдеги кIалъан, цо лъаларев чияс абуна жив кколин банкалъул хIалтIухъан, дур цIаралда жидер банкалдаса гIарац ун бугин ва гьеб, хехгьабун, тIадбуссинабизе тIадаб бугин. Дица абурабщинаб дуца гьабичIони, иш мекъса ккезе бегьулин. Щиб киналиго бичIчIинчIого, дица гьес абураб гьабуна. Мобильнияб бухьеналдасан гIарзаги хъван, дица кредиталъе 750 азаргоялдаса цIикIкIараб къадар гIарцул банкоматалдаса бахъана ва гьеб диде кIалъарасул счёталде рехана. Гьеле, гьедин гуккана дун хIиллачагIаз»*,-ан.

**ХIурматиял районцоял!**

Интерненталъул бухьен тIибитIараб гьаб заманалда, хIиллачагIазухъе нилъер хIакъалъулъ баянал (фамилия, цIар, инсул цIар, яшав гьабун ругеб бакI ва гь.ц.) щвезе цIакъ бигьаяб иш буго.

Гьелъ, гьарула нужеда, щив вугониги, гIарцул ишалда бан, нужехъе кIалъани, мухIканлъи лъачIого, щибниги гьабугеян.

**Редколлегия**

# О рисках получения незаконных финансовых услуг

Почему злоумышленники и финансовые мошенники все чаще выбирают формат афиш и рекламных объявлений.

Анонимные листовки с рекламой плотно вошли в нашу жизнь и «преследуют» жителей повсюду: на остановках транспорта, рекламных стендах, щитах, столбах, во дворах и подъездах жилых домов.

Размещение рекламных объявлений в местах, для этого не предназначенных – уже нарушение. Но гораздо опаснее, когда незаконная расклейка совмещается с информацией нелегальных услуг. Поверив такой рекламе, жители нашего района могут стать жертвами финансовых мошенников.

На территории республики часто можно увидеть анонимные листовки с предложением нелегальных финансовых услуг. Клиентов они завлекают лозунгами «кредит», «заем», «наличные», «деньги под материнский капитал» и многое другое….

Эксперты обращают внимание, что в большинстве случаев анонимные листовки распространяются нелегальными участниками финансового рынка - юридическими лицами или индивидуальными предпринимателями, не имеющими права на осуществление такой деятельности («частными инвесторами»).



А это значит, что жители нашего района, пользуясь услугами данных фирм, могут быть вовлечены в нелегальные схемы и финансовые пирамиды, рискуют попасть в руки «черных кредиторов» или недобросовестных кредитных брокеров. Все это в итоге грозит серьезными финансовыми проблемами.

При этом немногие знают, что за незаконную расклейку таких объявлений и рекламы может быть наложен штраф.

Согласно статье 3.5 Кодекса РД об административных правонарушениях размещение вывесок, объявлений, листовок и иной наружной информации в неустановленных для этой цели местах влечет предупреждение или наложение на граждан штрафа в размере 1 тысячи рублей. На должностных лиц - от 5 до 10 тысяч рублей, а на юридических лиц - от 10 до 20 тысяч. А в случае повторного нарушения в течение года штрафы увеличиваются.

Наружная реклама, размещенная на стенах, крышах и иных конструктивных элементах зданий, подпадает под определение рекламной конструкции. Правовое регулирование порядка установки и эксплуатации рекламных конструкций осуществляется ФЗ «О рекламе». Данный закон допускает размещение и эксплуатацию рекламных конструкций только при наличии соответствующего разрешения. Неисполнение этого требования влечет ответственность, предусмотренную ст. 14.37 КоАП РФ.

Итак, жителям района, раздражающимся от всевозможных листовок на своих домах и не только, советуем обращаться в администрацию муниципального района. Звоните по телефону 554884 или приходите по адресу: улица Имам Шамиля, 43, одел архитектуры, градостроительства и ЖКХ. Кроме того, вы можете жаловаться участковому.

Ваше участие в общественных делах района является значимым событием для защиты интересов наших граждан во многих областях, в том числе и защиты от мошенников, предлагающих незаконные финансовые услуги.

**Отдел по обеспечению деятельности**
**АТК МР «Казбековский район»**

---

«Гьудуллъи» СПКялъул тIолабго коллективалъ гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго хъизан – лъималазда ва тIолалго гIага – божаразда

**ДжабрагIил ХIамзалаев**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

..........

Спортшколалъул хIалтIухъабаз, гьудул-гьалмагъзабаз, жив лъалев рукIараз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва тIолалго гIага-божаразда

**ГIалисултан Абакаров**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
**55-48-94**
**Заместитель:**
Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
Нурмудин Идрисов,
Динара Батиева,
Асият Дибирова
**Набор:**
Меседо ХIайбаева
**Верстка:**
Марьям АтавхIажиева,
Зайнап ГIабдулмуслимова

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354
Тираж 1133, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола